



Subject: Òf kindergarten yo disponib!

Chè fanmi,

Tout fanmi ki te aplike nan kindergarten avan delè 19 janvyè 2024 la ka wè lèt òf kindergarten pitit yo a kounye a nan [MySchools](#).

Fanmi ka jwenn yon kopi lèt òf la tou lè yo voye:

- Emèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov oswa
- Rele nou nan 718-935-2009

Lèt òf la pral gen ladan:

- Yon òf kindergarten nan lekòl primè pitit ou a prale nan ane lekòl 2024-2025 la,
- Elijiblite pou elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T) si yo te mete li nan aplikasyon pwogram G&T a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou wè ak aksepte òf la, gade [videyo](#) sa a.

Nou vrèman ankouraje fanmi pou aksepte òf yo a avan 3 me pou konsève plas pitit yo, menmsi y ap tann yon òf sou lisdatant. Aksepte òf sa a jodi a pa p afekte chans ou pou jwenn yon òf sou lisdatant nan yon lòt pwogram pi ta. Lè w fin aksepte òf la, tanpri kontakte nouvo lekòl la pou konnen ki dokiman w ap bezwen pou enskri.

Ou gen kesyon? Nou la pou nou ede w! Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou admisyon kindergarten nan [sitwèb](#) nou an.

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.